# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–01 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आजु अजोध्या धाम के दौरा पर हइनि। अजोध्या धाम पहुंचले पर महर्षि वाल्मीकी अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा पर राज्यपाल आनंदीबेन पटेल उनकर स्वागत कइलिनि। एकरे बाद राष्ट्रपति सीधे श्रीराम जन्मभूमि मंदिर बदे रवाना भइलिनि, जहवां पहिले उहां के हनुमानगढ़ी में दरसन–पूजन कइ के मंगलकामना कइलीं। ओकरे बाद श्रीराम जन्मभूमि मंदिर में रामलला क दरसन कइलीं। राम मंदिर के अभिषेक समारोह के बादे राम जन्मभूमि क ई उनकर पहिला यात्रा हवे। राष्ट्रपति आजु संझा सरजू आरतियो में सामिल होइहें। राष्ट्रपति के दरसन–पूजन कार्यक्रम के देखत सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल हवे।

**********

प्रदेश में आजु लोकसभा चुनाव क पंचवा अउर छंठवा फेरा के कुलि अट्ठाइस सीटिन बदे कइ गो बड़हन नेता अउर ओम्मेदवार आपन–आपन परचा दाखिल कइले। येह दौरान ओम्मेदवार लोगि रोड–सो अउर जनसभा के जरिए सक्ति के प्रदर्शनों कइले।

परचा दाखिल करे वालन में वरिष्ठ भाजपा नेता, पूर्व केन्द्रीय मंत्री अउर सुल्तानपुर से पारटी ओम्मेदवार मेनका गांधी, बस्ती संसदीय क्षेत्र से भाजपा ओम्मेदवार हरीश द्विवेदी, डुमरियागंज से जगदम्बिका पाल, आजमगढ़ से भाजपा ओम्मेदवार अउर फिल्म स्टार दिनेश लाल यादव निरहुआ, वरिष्ठ भाजपा नेता अउर केन्द्रीय मंत्री साध्वी निरंजन ज्योति क नांव सामिल बाटे। एकरे सथहीं आजु फतेहपुर से लल्लू सिंह, अजोध्या से नीरज त्रिपाठी अउर फूलपुर सीटि से प्रवीण पटेल आपन परचा दाखिल कइलें। परचा दाखिला से पहिले सज्जो ओम्मेदवार रोड–सो कइलें। वरिष्ठ भाजपा नेता अउर केन्द्रीय सूचना आ प्रसारण मंत्री अनुराग सिंह ठाकुर अउर उत्तराखण्ड क मुख्यमंत्री पुष्कर सिंह धामी बस्ती, डुमरियागंज अउर अजोध्या में भइल नामांकन में मौजूद रहलें।

ओहर आजमगढ़ लोकसभा सीटि से समाजवादी पारटी क ओम्मेदवार धर्मेन्द्र यादव, लालगंज लोकसभा सीटि से दरोगा प्रसाद सरोज, लखनऊ लोकसभा सीटि से ईंडी गठबंधन क ओम्मेदवार रविदास मेहरोत्रा, जौनपुर से पूर्व सांसद धनंजय सिंह क पत्नी अउर बसपा ओम्मेदवार श्रीकला रेड्डी, जौनपुर समाज विकास क्रांति पार्टी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अउर जौनपुर लोकसभा सीटि से ओम्मेदवार अशोक सिंह परचा दाखिल कइ के अपने–अपने जीति क दावा कइलें।

**********

लोकसभा चुनाव में कई गो राजनीतिक दल प्रचार अभियान में आपन सज्जों ताकत लगा दिहले हवें। बस्ती जिला में भाजपा ओम्मेदवार हरीश द्ववेदी के परचा दाखिला में पहुचल वरिष्ठ भाजपा नेता अउर केन्द्रीय मंत्री अनुराग सिंह ठाकुर कहले कि विपक्ष की ओरि से कोरोना वैक्सीन के बारे में भरम फइलावल जा रहल हउवे। येह लोगिन क असलियत जनता पहिचाने ले। जनता येह लोगिन क सबक सिखाइ।

येही क्रम में आजु बदायूं मे भाजपा क वरिष्ठ नेता अउर रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह एगो चुनावी जनसभा क संबोधित कइले। उहां क कहलीं कि भारत क मस्तक आजु दुनिया में ऊच हो रहल बाटें। भारत के बात दुनिया सुनेले। पहिले क सरकारन में भारत के बाति के केहू गंभीरता से नाहि लेत रहे। आजु भारत दुनिया क तीसरी सक्ति बनि चुकल हवे। आजु देस क सीमा सुरक्षित हइन।

ओहर समाजवादी पारटी प्रमुख अखिलेश यादव इटावा जिला के जसवंत नगर में जनसभा के संबोधित कइलें। उहां के बीजेपी पर हमला बोलत आरोप लगवली कि जो त भगवा पारटी सत्ता में आइल त संविधान बदल दी। कांग्रेस क प्रदेस कार्यालय पर एगो प्रेस वार्ता के जरिए राज्यसभा सांसद राजीव शुक्ला कहले कि पहिला दुइ फेरा में भइल चुनाव में इंण्डिया गठबंधन के बढ़त मिलि रहल हउवे। भारतीय जनता पारटी निराश बाटें, यूपीयो में चौकावे वाला रेजल्ट आइ।

**********

जौनपुर क पूर्व सांसद धनंजय सिंह के आजु भिन्नहीं बरेली सेंट्रल जेलि से रिहा कइ दिहल गइल। जेलि से बहरे अइले के बाद धनंजय सिंह कहलें कि ऊ अपने पत्नी अउर बसपा ओम्मेदवार श्रीकला खातिर चुनाव परचार करिहें। एकरे बाद ऊ अपने समर्थकन के साथे जौनपुर खातिर रवाना हो गइलें। इलाहाबाद हाईकोर्ट सत्ताइस अपरैल के धनंजय सिंह के जमानति पर रिहा कइले क आदेस दिहले रहे। हलांकि जौनपुर एमपी–एमएलए कोर्ट के ओरि से सुनावल गइल सात सालि के सजा पर रोकि लगवले से इनकार कइ दिहले हवे। गौरतलब हवे कि मुजफ्फरनगर क रहवइया प्रोजेक्ट मैनेजर अभिनव सिंघल दस मई दुइ हजार बीस के लाइन बाजा थानहा में अपहरण, रंगदारी के सथहीं अउरियो आरोपन में पूर्व सांसद धनंजय सिंह अउर उनके साथी संतोष विक्रम पर मोकदिमा दरज करवले रहलें।

**********

लोकसभा चुनाव में मतदान प्रतिसत के बढ़ावे बदे आजु गोरखपुर में स्वीप के जरिये मतदाता जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। येह दौरान नागरिक सुरक्षा गोरखपुर अउर अभयनंदन इण्टर कॉलेज के छात्रन की ओरि से मतदाता जागरूकता रैली निकारल गइल, जवन सहर के कई गो चौराहा से होत वापिस विद्यालय के गेट पर समाप्त भइल। येह दौरान छात्र लोगि लोगिन से जियादे से जियादे संख्या में पहुंचि के ओट डरले क अपीलि कइलें।

**********

आजु मई दिवस हउवे। प्रदेस भर में मई दिवस पर आजु श्रमिक संगठनन की ओरि से कई गो कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल हवे। येही क्रम में बनारस के सम्पूर्णानन्द संस्कृत विश्वविद्यालय क कुलपति प्रो बिहारी लाल शर्मा आजु विश्वविद्यालय में कार करे वाले सज्जो श्रमिकन क अभिनंदन कइलें। उहां के कहलीं कि आजु के दिन के हमहन के अन्तर्राष्ट्रीय श्रम दिवस के रूप में मनावे लीं, ई दिन दुनिया भर के श्रमिकन के कड़ेर मेहनति अउर निस्ठा के समरपित हउवे।

**********